**दिन–सोमवार** **दिनांक–02.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

संसदक दुनू सदन मे आइ लगातार पाचम दिन विभिन्न मुद्दा पर विपक्ष के हंगामाक कारण काम–काज मे बाधा आयल। दुनू सदनक कार्यवाही काल्हि धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल अछि। विपक्ष एक प्रमुख व्यापारिक समुह के विरूद्ध कथित घुसखोरी के आरोप सहित विभिन्न मुद्दा के लऽकऽ हंगामा कयलनि। एहि कारण कार्यवाही पहिने दूपहर बारह बजे धरि आ पुनः दिन भरि के लेल स्थगित कऽ देल गेल।

---

केन्द्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री चिराग पासवान कहलनि अछि जे बिहार मे खाद्य प्रसंस्करणक क्षेत्र मे आपार संभावना अछि। श्री पासवान आइ पटना मे फूड प्रोसेसिंग इन्वेस्टर्स मीट के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे बिहार जकाँ कृषि प्रधान राज्य मे खाद्य प्रसंस्करण उद्योगक स्थापना बेसी सँ बेसी हेबाक चाही। जाहि सँ किसान लोकनि के हुनक उत्पादकता के उचित मूल्य भेटि सकय आ रोजगारक नव अवसरि उत्पन्न भऽ सकय। ओ कहलनि जे सरकारक लक्ष्य बिहारक खाद्य सामग्री के विश्व पटल पर आनब अछि। श्री पासवान कहलनि जे केन्द्र सरकार बिहार के खाद्य प्रसंस्करण के क्षेत्र मे सभ संभव सहायता देबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे खाद्य प्रसंस्करण सँ किसान लोकनि के बेसी सँ बेसी लाभ कोना पहुँचत एहि दिशा मे काज करबाक आवश्यकता अछि। समारोह के राज्यक उद्योग मंत्री नीतीश मिश्र सेहो संबोधित कयलनि। समिट के दरमियान दू हजार एक सय एकासी करोड़ टाकाक निवेश प्रस्ताव पर हस्ताक्षर कयल गेल।

---

राज्य स्वास्थ्य समिति सामुदायिक स्वास्थ्य पदाधिकारी, सीएचओ के परीक्षा निरस्त कऽ देलक अछि। समिति द्वारा जारी संवादक अनुसार रवि दिन लेल गेल परीक्षा आ आइ होबऽवला परीक्षा दुनू निरस्त कऽ देल गेल अछि। समिति कहलक अछि जे परीक्षाक नव तिथि के घोषणा शीघ्रहिं कयल जायत। प्राप्त जनतबक अनुसार काल्हि भेल परीक्षा के दरमियान ऑनलाईन सेंटर पर गड़बड़ी पाओल गेल छल। एहि मामिला मे सैंतीस संदिग्ध लोक के

हिरासत मे लेल गेल अछि। आर्थिक अपराध इकाई के टीम आइ सेहो कतेको स्थान पर छापामारी कयलक।

————————————————————————————

सुल्तानगंज विधानसभा क्षेत्रक पूर्व विधायक आ भाजपाक प्रदेश महासचिव गणेश पासवान के निधन भऽ गेलनि। ओ पछिला किछु दिन सँ बीमार छलाह। हुनक निधन पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा तथा भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप कुमार जायसवाल सहित विभिन्न राजनीतिक दल के नेता लोकनि अपन शोक व्यक्त कयलनि अछि।

————————————————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय आइ मधुबनी के बेलौचा मे नवनिर्मित अतिरिक्त प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र आ मधुबनी टोल मे नवनिर्मित हेल्थ एंड वेलनेस सेंटर के उद्घाटन कयलनि। संगहि ओ बाईस हेल्थ एंड वेलनेस सेंटर के शिलान्यास सेहो कयलनि। जाहि पर नओ करोड़ बियालीस लाख टाका के लागति आओत।

————————————————————————————

प्रदेश मे तापमान लगातार कम–बेसी भऽ रहल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के अनुसार पछुआ हवा के गति कम हेबा सँ उच्चतम आ न्यूनतम तापमान एखनहुं सामान्य सँ ऊपर बनल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिनक दरमियान तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। एकर बाद तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस के कमी आबि सकैत अछि। एम्हर पछिला चौबीस घंटा मे नओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग डेहरी राज्यक सभ सँ ठंडा स्थान रहल। राजधानी पटना के न्यूनतम तापमान चौदह दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

————————————————————————————

पूर्णियांक सांसद पप्पू यादव के धमकी देबाक मामिला मे पुलिस भोजपुर जिलाक शाहपुर थाना क्षेत्रक डुमरिया सँ रामबाबु राय नामक युवक के गिरफ्तार कयलक अछि। आरोपी युवक स्वंय के लॉरेंस विश्नोई गिरोहक सदस्य जनबैत एक वीडियो संदेशक माध्यम सँ पप्पू यादव के जान सँ मारबाक धमकी देने छल। पुलिस आरोपी युवक के अपन संग पूर्णियां लऽ गेल अछि।

---

अररिया जिलाक कुर्साकाटा प्रखंड क्षेत्रक जागीर इटाही मे अगिलग्गी के घटना मे एक दर्जन सँ बेसी घर जरि कऽ नष्ट भऽ गेल। अगिलग्गी के एहि घटना मे लाखो टाका मूल्यक संपत्ती सेहो जरि कऽ छाऊर भऽ गेल।

मधुबनी जिलाक जयनगर थाना क्षेत्रक खैरामाठ गाम मे करंट लगला सँ एक महिला सहित दू गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि।

पश्चिम चंपारण जिलाक रामनगर थाना क्षेत्र मे पुलिस आ एसएसबी के टीम छापामारी कऽ लगभग आठ किलो गांजा के संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

कटिहार जिलाक कुर्सेला थाना क्षेत्र सँ पुलिस तीन तस्कर के मादक पदार्थ स्मैक के संग गिरफ्तार कयलक अछि।

समस्तीपुर रेल मंडलक मंडल रेल प्रबंधक विनय श्रीवास्तव आइ जयनगर स्टेशनक निरीक्षन कयलनि। एहि दरमियान ओ अधिकारी लोकनि के कतेको दिशा–निर्देश देलनि।

गया के महोबोधि मंदिर परिसर मे काल्हि सँ उन्नैसम अंतर्राष्ट्रीय त्रिपिटक पूजा के शुरूआत होयत। एहि आयोजन मे भारत, नेपाल, बंग्लादेश, कंबोडिया, लाओस, थाईलैंड, श्रीलंका आ वियतनाम सहित कतेको देशक बौद्धभिक्षु सम्मिलित होयताह।

---

समाप्त